



N O U K A
E D E W

Ou gen dwa pou resevwa sèvis yon entèprèt.


Asire w ou li bwochi Dwa W pou Resevwa Sèvis yon Entèprèt ansanm ak lòt bwochi sou kèk lòt pwogram. Bwochi sa yo gen anpil enfòmasyon enpòtan ladan yo.

Si w ta gen difikilte pou konprann enfòmasyon sa yo, responsab ka w la ka ede w.

DEPATMAN POU
ASISTANS
TRANZISYONÈL

NCIB (HC) (Rev. 2/2009)
25-402-0209-05

BAGAY YON MOUN KI PA SITWAYEN AMERIKEN BEZWEN KONNEN



DEPARTMENT OF TRANSITIONAL ASSISTANCE



B A G A Y Y O N
M O U N K I P A
S I T W A Y E N
A M E R I K E N
B E Z W E N
K O N N E N

Timoun ou yo ka elijib pou resevwa lajan kach epiloswa benefis nan Pwogram Asistans Sipleman tè pou Nitrisyon (Supplemental Nutrition Assistance Program - SNAP) menm si oumenm ou pa elijib.

Piga w pè aplike pou benefis yo pou oumenm oswa pou fanmi w. Menm si w pa elijib pou benefis akòz estati imigrasyon w, **nou pa pral rapòte w bay otorite nan zafè imigrasyon yo** amwenske ou bannou yo lòd final pou depòtasyon.

Si w santi ou paka bannou enfòmasyon sou estati imigrasyon w, ou pa pral elijib pou benefis yo. Manm fanmi w ka toujou kapab resevwa benefis yo. Yon fwa ou fin fè manadjè ka w la konnen ou pa kapab bay enfòmasyon sa a, responsab ka w la pral sispann poze w kesyon sou estati w.

MEN, responsab ka w la dwe poze lòt kesyon konsènan oumenm, ikonpri kote ou abite, konbyen lajan ou fè, sipò pou timoun, eksetera. Nou bezwen enfòmasyon sa a pou nou ka pran yon desizyon sou elijiblite manm fanmi w pou benefis yo. Nou ka konsidere revni w ak byen ou posede nan detèminasyon elijiblite w ak montan benefis fanmi w resevwa.

Yo ka mande sèten rezidan pèmanan ki legal (LPR) k ap aplike pou benefis SNAP yo pou yo pale de sponso yo. Si w

ap viv nan yon kay ki gen manm fanmi ki pa kalifye, yo ka itilize revni ak byen sponso a pou detèmine elijiblite pou SNAP ak montan benefis la. Anplis de sa, kèk kay ki gen moun ki andikape ak ti granmoun ki pa p resevwa SSI ladan yo ka sijè a konsidera-syon yon sponso.

SONJE: Si w pa di nou estati imigrasyon w, benefis ou yo ka pi ba pase sa yo ta sipoze ye.

Si w gen kesyon sou estati imigrasyon w oswa kesyon sou kouman lè w resevwa benefis sa ka afekte kapasite w pou fè ajisteman nan estati w oswa nenpòt lòt kesyon ou ta genyen, ou ka rele youn nan ajans ki mansyone nan bwochi Resous pou Moun ki pa Sitwayen Ameriken an.